दिन–सोमवार                                                                                    दिनांक–09.03.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ                                                        अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि अछि जे पछिला किछु वर्ष मे भारतक स्वास्थ्य ढांचा आओर मजगूत भेल अछि। श्री मोदी बजट उपरांत **सबका साथ सबका विकास– जनता की आकांक्षाओं की पूर्ति** विषय पर आयोजित वेबिनार के संबोधित करैत कहलनि जे देश निवारक आ सम्रग स्वास्थ्यक दिस काज कऽ रहल अछि तथा कतेको जिला मे नव मेडिकल कॉलेज खुलि रहल अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे आयुष्मान भारत योजना आ आयुष्मान आरोग्य मंदिरक माध्यम सँ संपूर्ण देशक गाम सभ मे स्वास्थ्य सेवाक विस्तार भऽ रहल अछि। श्री मोदी कहलनि जे योग तथा आर्युवेदक भारतीय परंपरा विश्व स्तर पर लोकप्रियता प्राप्त कयलक अछि। प्रधानमंत्री कहलनि जे देखभाल करयवलाक बढ़ैत वैश्विक मांग देशक लाखों युवाक लेल कौशल आधारित रोजगारक नव अवसर दऽ रहल अछि। प्रधानमंत्री विज्ञान, प्रौद्योगिकी, इंजीनियरिंग आ गणित एहन क्षेत्र मे महिला लोकनिक बढ़ैत भागीदारी पर प्रसन्नता व्यक्त कयलनि।

---

विदेशमंत्री डॉक्टर एस.जयशंकर लोकसभा मे बयान दैत कहलनि अछि जे पश्चिम एशिया मे जारी तनाव कम करबाक लेल संवाद आ कुटनीतिक बाट अपनेबाक चाही। ओ कहलनि जे विदेश मंत्रालय स्थिति पर नजरि रखबाक आ प्रश्नक उत्तर देबाक लेल एक विशेष नियंत्रण कक्ष स्थापित कयलक अछि। विदेश मंत्री कहलनि जे काल्हि धरि करीब सड़सठि हजार भारतीय नागरिक देश आबि चुकल छथि।

---

बिहारक पांच राज्यसभा सीट लेल छओ उम्मीदवार चुनाव मैदान मे छथि। आइ नाम वापसीक अंतिम दिन कोनहुं प्रत्याशी अपन पर्चा वापस नहि लेलनि जाहि कारणे मतदान हेबाक स्थिति बनल अछि। मतदान सोलह मार्च के होयत आ उएह दिन भोटक गिनती सेहो होयत।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक समृद्धि यात्राक तेसर चरण काल्हि सँ शुरू भऽ रहल अछि। चौदह मार्च धरि चलयवला एहि यात्रा मे मुख्यमंत्री दस जिला मधेपुरा, सहरसा, सुपौल, अररिया, किशनगंज, पूर्णियां, कटिहार, खगड़िया, बेगूसराय आ शेखपुरा मे विकास योजना सभक समीक्षा करताह। काल्हि पहिल दिन मुख्यमंत्री सुपौल आ मधेपुरा मे विभिन्न विकास योजनाक स्थल निरीक्षण करताह संगहि, कतेको परियोजनाक उद्‌घाटन आ शिलान्यास सेहो करताह।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमारक समृद्धि यात्राक तैयारी मे लापरवाही के लऽकऽ सुपौलक प्रखंड विकास पदाधिकारी कृष्णा कुमारी के पद सँ हटा देल गेल अछि। जिलाधिकारी सावन कुमारक आदेश सँ हुनक प्रतिनियुक्ति ग्रामीण विकास अभिकरण मे कयल गेल अछि। ओतहि, छातापुरक ग्रामीण विकास पदाधिकारी प्रवीण कुमार रजक के सुपौलक प्रखंड विकास पदाधिकारीक अतिरिक्त प्रभार सौपल गेल।

---

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा हड़ताल पर गेल सभ अंचलाधिकारी आ राजस्वकर्मी सँ काज पर वापस अयबाक लेल कहलनि अछि। ओ कहलनि जे जौं कर्मी काज पर नहि अओताह तऽ हुनका विरूद्ध निलंबनक कार्रवाई कयल जायत आ ईहो सँ नहि मानताह तऽ नव नियुक्ति कयल जायत। ओ कहलनि जे काज मे पारदर्शिता लेल आब अंचल स्तर पर विभागक जन सुनवाई होयत।

---

जदयू नेता निशांत कुमार कहलनि अछि जे ओ जल्दीए प्रदेशक सभ जिलाक भ्रमण करताह। आइ पटना मे संवाददाता लोकनि सँ गपशप मे ओ कहलनि जे जल्दीए एहि संबंध मे कार्यक्रम निर्धारित होयत।

---

बेगूसराय समेत पटना आ बाढ़ व्यवहार न्यायालय के बम सँ उड़ेबाक धमकी भेटल अछि। ई–मेलक माध्यम सँ भेटल धमकीक बाद प्रशासन कोर्ट परिसर के खाली करा कऽ सघन जांच अभियान चलौलक। मुदा, कतहुं सँ कोनो प्रकारक विस्फोटक नहि भेटल।

———————————————————————————

दरभंगा मे आबयवला गर्मी के देखैत पेयजलक उपलब्धता आ संभावित संकट सँ निपटबाक लेल आइ जिला पदाधिकारी कौशल कुमारक अध्यक्षता मे विभिन्न विभागक समीक्षात्मक बैसार भेल।

———————————————————————————

मौसम विभाग कहलक अछि जे एक पश्चिमी विक्षोभ के सक्रिय भेला सँ राज्य मे अगिला तीन दिन धरि बरखा हेबाक परिस्थिति बनल रहत। आइ प्रदेशक उत्तर–मध्य, उत्तर–पूर्वी, दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्वी क्षेत्र मे आशिंक बरखा हेबाक संभावना अछि। विभाग कहलक अछि जे सीतामढ़ी, शिवहर, मधुबनी, दरभंगा, समस्तीपुर, बेगूसराय, लखीसराय, शेखपुरा आ नवादा जिला मे किछु स्थान पर तेज हवाक संग मेघ–गर्जन आ ठनका खसबाक आशंका अछि।

———————————————————————————

समाप्त